## XII. ORTASHA AYLIQ IS HAQI

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha
ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı**

*(2022-jıldıń yanvar-sentyabr ayları jaǵdayına)*

2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasında ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı 3132,0 mıń sumdı quradı.

Bunda is-haqıǵa ústeme, sıylıqlaw, xoshametlew, túrindegi tólemler, kompensaciya hám islemegen waqıt ushın haq tólewler kiritilgen, sonday-aq onıń quramında fizikalıq shaxslardıń dáramat salıǵı, sociallıq qamsızlandırıw hám kásiplik awqamına tólemler de bar.

2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasında ortasha aylıq is haqınıń eń joqarı muǵdarı Nókis qalasında 4186,6 mıń sumdı, (Respublikadaǵı ortasha aylıq is haqına salıstırǵanda 133,7 %), Taqıyatas rayonında 3547,3 mıń sumdı (113,3 %), hám Qońırat rayonında 3466,7 mıń sumdı (110,7 %) quradı.

**Yuridikalıq shaxslarda islewshiler sanı hám miynetke haqı tólew tárzinde esaplanǵan dáramat**

*(2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında awıl xojalıǵı kárxanaları hámde kishi isbilermenlik subyektlerinen tısqarı)*

| | Islewshiler sanı, adam | Miynetke haqı tólew tárzinde esaplanǵan dáramat, mlrd.sum | Ortasha aylıq is haqı, mıń sum |
|---|---|---|---|
| **Respublika boyınsha jámi** | **157 850** | **4 449,5** | **3132,0** |
| sonnan : | | | |
| Sanaat | 14 740 | 606,6 | 4 572,7 |
| Qurılıs | 2 147 | 53,3 | 2756,4 |
| Sawda | 933 | 23,7 | 2826,7 |
| Tasıw hám saqlaw | 7 274 | 273,5 | 4177,2 |
| Jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 77 | 1,3 | 1905,5 |
| Málimleme hám baylanıs | 1 134 | 37,2 | 3647,9 |
| Bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq | 2 727 | 196,0 | 7986,2 |
| Bilimlendiriw | 76 017 | 1 673,5 | 2446,1 |
| Den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw | 26 919 | 661,2 | 2729,0 |
| Mádeniyat, kewil ashıw hám dem alıw | 2 737 | 61,7 | 2504,0 |
| Basqa xızmet túrleri | 23 145 | 734,0 | 3523,9 |

**Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı**

*(2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında awıl xojalıǵı kárxanaları hámde kishi isbilermenlik subyektlerinen tısqarı, mıń sum)*




Respublika boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı 3132,0 mıń sumdı qurap, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 19,1 % ke ósken.

Ortasha is-haqınıń joqarı kólemi ekonomikalıq xızmet túrlerinen bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq tarawında 7986,2 mıń sum (Respublikadaǵı ortasha aylıq is haqısına salıstırǵanda 2,5 mártege joqarı), sanaat tarawında 4572,7 mıń sum (Respublikadaǵı ortasha aylıq is haqısına salıstırǵanda 46,0 % ke joqarı), Tasıw hám saqlaw tarawında 4177,2 mıń sum (Respublikadaǵı ortasha aylıq is haqısına salıstırǵanda 33,4 % ke joqarı), hámde Málimleme hám baylanıs tarawında 3647,9 mıń sum (Respublikadaǵı ortasha aylıq is haqısına salıstırǵanda 16,5 % ke joqarı) ekenligi gúzetildi.





**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha
ortasha aylıq nominal esaplanǵan is-haqı**
*(yanvar-sentyabr aylarında awıl xojalıǵı hám kishi isbilermenlik subyektlerinen tısqarı, mıń sum)*

| | *2021-jıl* | *2022-jıl* | *Ósiw páti, % te* |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **2629,0** | **3132,0** | **119,1** |
| Nókis q. | 3459,9 | 4186,6 | 121,0 |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 1969,2 | 2213,2 | 112,4 |
| Beruniy | 1947,5 | 2315,6 | 118,9 |
| Bozataw | 1822,3 | 2118,4 | 116,2 |
| Qanlıkól | 2090,4 | 2492,8 | 119,2 |
| Qaraózek | 1925,0 | 2249,9 | 116,9 |
| Kegeyli | 2254,3 | 2709,6 | 120,2 |
| Qońırat | 3014,0 | 3466,7 | 115,0 |
| Moynaq | 1992,2 | 2681,3 | 134,6 |
| Nókis | 2301,9 | 3130,4 | 136,0 |
| Taqıyatas | 2832,0 | 3547,3 | 125,3 |
| Taxtakópir | 2100,1 | 2266,0 | 107,9 |
| Tórtkúl | 2152,7 | 2561,3 | 119,0 |
| Xojeli | 2212,7 | 2686,4 | 121,4 |
| Shımbay | 2140,1 | 2505,9 | 117,1 |
| Shomanay | 2126,1 | 2365,2 | 111,2 |
| Ellikqala | 2230,4 | 2568,7 | 115,2 |

**Is haqı**. 2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha is haqı analizi tómendegilerdi kórsetpekte.

**Bilimlendiriw tarawında** 1460 shólkemde 76017 (jámi xızmetkerlerge salıstırǵandaǵı úlesi 48,2 %) xızmetker islegen bolıp, olarǵa esaplanǵan is haqı fondı 1673,5 mlrd. sumdı (jámi is haqı fondındaǵı úlesi 37,6 %) quraǵan. Usı tarawda islewshilerge esaplanǵan ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı 2446,1 mıń sumdı quraǵan bolıp, 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 15,7 % ke ósken.

**Bilimlendiriw tarawı boyınsha**
**ortasha aylıq nominal esaplanǵan is-haqı**
*(2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında kishi isbilermenlik subyektlerinen tısqarı)*

**Joqarı oqıw orınlarında**
**4953,8 mıń sum**

**Orta arnawlı kásip-óner bilimlendiriwde**
**2270,1 mıń sum**

**Jámi**
**2446,1 mıń sum**

**Ulıwma orta bilim beriw**
**2582,2 mıń sum**

**Mektepke shekemgi bilimlendiriw**
**1481,3 mıń sum**





**Sanaat** tarawında hárekettegi **82** kárxanada **14740** (jámi islewshilerge salıstırǵanda úlesi 9,3 %) xızmetker islegen bolıp, olarǵa esaplanǵan is haqı fondı **606,6** mlrd. sumdı (jámi is- haqı fondındaǵı úlesi 13,6 %) quradı. Sanaat tarawında islewshilerge esaplanǵan ortasha aylıq nominal esaplanǵan is-haqı **4572,7** mıń sumdı quraǵan bolıp, 2021-jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 12,3 % ke ósken.

**Sanaat tarawı boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is-haqı**
*(2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında kishi isbilermenlik subyektlerinen tısqarı mıń sum)*




Usı tarawdaǵı ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı kórsetkishlerin Respublika aymaqları boyınsha alıp qarasaq, yaǵnıy ortasha aylıq is haqınıń joqarı muǵdarı Nókis qalasında 8538,9 mıń sumdı (Respublikadaǵı ortasha aylıq is haqına salıstırǵanda 186,7 % ge joqarı), Moynaq rayonında 8186,8 mıń sumdı (179,0%), Taqıyatas rayonında 6940,9 mıń sumdı (151,8 %) hám Nókis rayonında 4956,5 mıń sumdı (108,4 %) quraǵan bolsa, Beruniy rayonında 1439,1 mıń sumdı (31,5 %), Shımbay rayonında 1510,9 mıń sumdı (33,0 %), Ellikqala rayonında 1589,9 mıń sumdı (34,8 %) hámde Qanlıkól rayonında 1718,3 mıń sumdı (37,6 %) qurap, basqa aymaqlarǵa salıstırǵanda kem muǵdarǵa iye bolmaqta.




**Den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw** tarawında 92 shólkemde 26919 (jámi islewshilerge salıstırǵanda úlesi 17,1 %) islewshiler bolıp, olarǵa esaplanǵan is-haqı fondı 661,2 mlrd. sumdı (jámi is-haqı fondındaǵı úlesi 14,9 %) quraǵan. Usı tarawda islewshilerge esaplanǵan ortasha aylıq nominal esaplanǵan is-haqı 2729,0 mıń sumdı qurap, 2021-jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 20,9 % ke ósti.

**Den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw tarawı boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is-haqı**
*(2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında kishi isbilermenlik subyektlerinen tısqarı mıń sumda)*




Usı tarawdaǵı ortasha aylıq nominal esaplanǵan is-haqı kórsetkishleri Respublika aymaqları boyınsha alıp qaraytuǵın bolsaq, ortasha aylıq is-haqınıń joqarı muǵdarı Beruniy rayonında 3030,9 mıń sumdı (Respublikadaǵı ortasha aylıq is haqısına salıstırǵanda 111,1 %), Shımbay rayonında 2957,1 mıń sumdı (108,4 %), Xojeli rayonıda 2890,7 mıń sumdı (105,9 %) hám Nókis qalasında 2886,5 mıń sumdı (105,8 %) quraǵan bolsa, Bozataw rayonında 2182,6 mıń sumdı (80,0 %), Qońırat rayonında 2384,2 mıń sumdı (87,4 %) hám Tórtkúl rayonında 2409,7 mıń sum (88,3 %) dı qurap, basqa aymaqlarǵa salıstırǵanda kem muǵdarǵa iye bolmaqta.



**Bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq tarawı** ekonomikalıq taraw túrinde 75 shólkemde 2727 (jámi islewshilerge salıstırǵanda úlesi 1,7 %) islewshi islegen bolıp, olarǵa esaplanǵan is haqı fondı 196,0 mlrd. sumdı (jámi is-haqı fondıdaǵı úlesi 4,4 % ti) quraǵan. Usı tarawda islewshilerge esaplanǵan ortasha aylıq nominal esaplanǵan is-haqı 7986,2 mıń sumdı qurap, 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 31,7 % ke ósti.

**Bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq tarawı boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is-haqı**

*(2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında kishi isbilermenlik subyektlerinen tısqarı, mıń sumda)*




Usı tarawda ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı kórsetkishlerin Respublika aymaqları boyınsha qaraytuǵın bolsaq, ortasha aylıq is-haqınıń joqarı muǵdarı Nókis qalasında 9320,7 mıń sumdı (Respublikadaǵı ortasha aylıq is-haqısına salıstırǵanda 116,7 %), Taqıyatas rayonında 8147,4 mıń sumdı (102,0 %) quraǵan bolsa, Beruniy rayonında 4175,3 mıń sumdı (52,3 %) hám Shımbay rayonında 6420,4 mıń sumdı (80,4%), Qońırat rayonında 6602,4 mıń sumdı (82,7 %) quraǵan bolıp, basqa aymaqlarǵa salıstırǵanda kem muǵdarǵa iye bolmaqta.

**Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqınıń ótken jıldıń saykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti**

*(2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında awıl xojalıǵı hám kishi isbilermenlik subyektlerinen tısqarı % te)*




*mıń sum*

**Sanaat**
**4572,7**

**Bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq**
**7986,2**

**Qurılıs**
**2756,4**

**Bilimlendiriw**
**2446,1**

**Sawda**
**2826,7**

**Den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw 2729,0**

**Tasıw hám saqlaw**
**4177,2**

**Mádeniyat, kewil ashiw hám dem aliw**
**2504,0**

**Málimleme hám baylanıs**
**3647,9**

**Basqa ekonomikalıq xızmet túrleri**
**3523,9**